

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Sipat fléksibel nu dipiboga ku hiji basa ngabalukarkeun basa salawasna ngalaman parobahan jeung kamekaran. Parobahan jeung kamekaran ieu luyu jeung situasi, kondisi sarta kabutuh panyaturna. Robahna kaayaan sosial, ékonomi, budaya sarta kontak dina widang politik, téhnologi, élmu pangaweruh jeung rupaning hal séjénna ngabalukarkeun prosés silih pangaruhan antar basa moal bisa disingkahan. Basa salaku bagian integral tina budaya moal bisa leupas tina ieu masalah. Kontak basa bakal lumangsung dina sakabeh aspék tataran kabasaan. Prosés transfer atawa pindahna unsur hiji basa kana basa séjénna atawa prosés silih injeum unsur basa mangrupa hal anu ilahar. Suwito (1985, kaca 39-40) nétélakeun yén upama panyatur ngagunakeun dua basa atawa leuwih kalawan piligenti beunang disebutkeun yén basa téh dina kaayaan silih kontak. Dina tiap-tiap kontak basa saling mangaruhan antara hiji basa jeung basa séjénna bakal lumangsung. Balukarna interférénsi bakal timbul boh dina wangun lisan atawa tulisan.

Masyarakat basa anu cicingna mencil, anu teu ngayakeun patalimarga jeung masarakat basa séjénna bakal katinggaleun sarta tetep jadi masarakat ékabasa (monolingual). Sabalikna, masarakat basa anu lagawa, hartina, nu ngabogaan hubungan jeung masarakat lain, tinangtu bakal ngalaman nu disebut *kontak* basa nu dina *sosiolinguistik* bakal ngabalukarkeun ayana nu disebut *bilingualisme*, *diglosia*, *alih kode*, *campur kode*, *interferensi*, *integrasi*, *konvergensi*, jeung *pergeseran* basa (Chaer, 2010, kaca 84). Masarakat Sunda kaasup masarakat lagawa, salaku panyatur basa daérah kadua panggedéna di Indonésia sanggeus basa Jawa sarta dumuk di wilayah propinsi Jawa Barat, Banten, oge Cirebon, tur dumukna di wewengkon pasisian geus lir di pakotaan, miboga kamampuh ngawasa basa séjénna atuh munasabah mun basa Sunda pasosok jeung basa séjénna.

Kacangkingna hiji basa ngaliwatan prosés interaksi dina kahirupan sapopoé jeung prosés diajar, boh basa kahiji atawa kadua. Mahasiswa salaku masarakat nu nyakola kaasup bilingual malah bisa jadi multilingual, nu tangtu dina ngagunakeun basana aya paselang-surupna antara basa nu dikawasana. Ieu hal ngabalukarkeun interférensi nyampak dina prosés komunikasina, boh komunikasi lisan atawa tinulis, boh situasi resmi atawa teu resmi.

Basa Sunda salaku basa indung (*mother tongue*) di wewengkon Jawa Barat, kiwari geus dipaké di sababaraha aspék kagiatan. Lain ngan ukur digunakeun dina komunikasi lisan tapi ogé digunakeun dina komunikasi tulisan boh dina situasi resmi boh dina situasi teu resmi. Di sagigireun éta, basa Sunda ogé dipaké dina kagiatan ilmiah, saperti orasi ilmiah penganugerahan Dr (HC) keur Ajip Rosidi dina Sidang Sénat Universitas Padjadjaran, skripsi mahasiswa program studi Pendidikan Bahasa Daérah FPBS UPI, Tésis mahasiswa Program Studi Pendidikan Bahasa dan Budaya Sunda Sekolah Pascasarjana UPI, sarta Abstrak skripsi mahasiswa di UNPAS.

Universitas Pasundan mangrupa salah sahiji paguron luhur nu kawilang kolot tur poténsial di wilayah Jawa Barat. Ieu universitas teh boga boga genep fakultas, nya éta Fakultas Hukum, Fakultas Ilmu Sosial dan Ilmu Politik, Fakultas Ilmu Seni dan Sastra, Dina kawijakanana nétélakeun Fakultas Ekonomi, Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan jeung Fakultas Tékhnik. Dina kawijakanana nétélakeun diantarana yén abstrak skripsi mahasiswa UNPAS ditulis ku tilu basa, nya éta dina basa Indonésia, basa Inggris, jeung basa Sunda, sok sanajan dina implémentasina mah karék dijanggélékkeun ku Fakultas Ilmu Sosial dan Ilmu Politik.

Dina abstrak skripsi basa Sunda mahasiswa FISIP UNPAS kapaluruh lobana kahéngkérangan-kahéngkérangan di antarana kasalahan dina prosés ngawangun kecap (morfologis), sarta kasalahan dina ngagunakeun jeung ngahartikeun kecap anu teu luyu jeung kontéksna (leksikosemantis), dina lebah dieu loba pasosok antara basa Indonésia kana basa Sunda. Ieu hal dibalukarkeun di antarana ku prosés narjamahkeun abstrak basa Indonésia kana basa Sunda sacara tékstual (kecap per kecap). Kasang tukang mahasiswa nu multikultural ogé bakal

mangaruhan kana proses narjamahkeun abstrak skripsi tina basa Indonésia kana basa Sunda. Ku kituna ieu panalungtikan kawilang perlu pikeun maluruh nepi ka lebah mana interférénsi morfologis jeung léksikosemantis dina abstrak skripsi mahasiswa FISIP UNPAS tur maluruh ogé tingkat interférénsi dina abstrak skripsi mahasiswa FISIP UNPAS nu mangaruhan tingkat kamampuh nulis abstrakna.

Panalungtikan ngeunaan interférénsi anu kapanggih di antarana waé panalungtikan anu dilaksanakeun Huda (1981), Anshari (2012), jeung Sopyan (2013).

Nu jadi sumber data dina panalungtikan Huda nya éta siswa anu diajar basa kadua, panalungtikan anu dilakukeun ku Anshari sumber datana nya éta rumpaka lagu, jeung panalungtikan Sopyan datana nya éta karangan narasi. Tangtu dina ieu panalungtikan anu ayeuna dilakukeun aya bédana, lantaran sumber datana lain ka siswa atawa tulisan dina majalah atawa téks rumpaka lagu pop Sunda, tapi abstrak skripsi mahasiswa UNPAS.

Nepi ka kiwari panalungtikan interférénsi basa Indonésia kana basa Sunda dina abstrak skripsi can aya nu kungsi nalungtik. Ku sabab éta, ieu panalungtikan téh kawilang perlu. Dumasar kana kasang tukang di luhur, perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan interférénsi Basa Indonésia kana basa Sunda dina abstrak skripsi. Ku kituna, ieu panalungtikan nu dijudulan “Interférénsi Basa Indonesia kana Bahasa Sunda dina Abstrak Skripsi (Tilikan Morfologis jeung Léksikosemantis)” dilaksanakeun.

1.2 Rumusan jeung Watesan Masalah

1.2.1 Watesan masalah

Dina ieu panalungtikan diulik ngeunaan interférénsi anu kawangun jadi dua ambahan, nya éta ngawengku interférénsi morfologis jeung interférénsi léksikosemantis. Interférénsi wangun morfologis ngawengku prosés ngararangkénan, ngantétkeun, ngarajék jeung ngawancah. Anapon interférénsi léksikal nyoko kana wangun kekecapan katut hartina, saperti patali jeung rélasi semantis (sinonimi, antonimi, hiponimi, jeung homonimi kalawan niténan wangun murni, serepan atawa rékaan).

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang jeung watesan masalah di luhur, panalungtikan dirumuskeun dina sawatara masalah ieu di handap.

- a. Kumaha wangun interférénsi morfologis basa Indonésia kana basa Sunda dina abstrak skripsi mahasiswa FISIP UNPAS ?
- b. Kumaha wangun interférénsi léksikosemantik basa Indonésia kana basa Sunda dina abstrak skripsi mahasiswa FISIP UNPAS?
- c. Kumaha tingkat interférénsi morfologis jeung léksikosemantis Basa Indonésia kana Basa Sunda dina abstrak skripsi mahasiswa FISIP UNPAS?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan umum jeung tujuan husus. Saterusna, bisa diténan dina ieu dadaran di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, dilaksanakeunana ieu panalungtikan téh nya éta pikeun maluruh interférénsi basa Indonésia kana basa Sunda anu aya dina abstrak skripsi mahasiswa FISIP UNPAS.

1.3.1 Tujuan Husus

Anapon tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngaidéntifikasi jeung ngadéskripsikeun:

- a. wangun interférénsi morfologis basa Indonésia kana basa Sunda nu aya dina abstrak skripsi mahasiswa FISIP UNPAS;
- b. wangun interférénsi léksikosemantis basa Indonésia kana basa Sunda nu aya dina abstrak skripsi mahasiswa FISIP UNPAS; jeung
- c. tingkat interférénsi morfologis jeung léksikosemantis Basa Indonésia kana Basa Sunda dina abstrak skripsi mahasiswa FISIP UNPAS.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat kana paélmuan basa. Dina paélmuan basa ieu panalungtikan dipiharep ngajembaran kamekaran tiori linguistik hususna élmu sosiolinguistik utamana ngeunaan interférensensi basa.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan mangrupa salah sahiji tarékah miara jeung ngamumulé basa Sunda. Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep bisa méré mangpaat pikeun lembaga, mahasiswa, dosén jeung panalungtik.

- a. Pikeun lembaga, dipiharep ieu panalungtikan bisa méré pangdeudeul kana kawijakan lembaga supaya leuwih ngarojong kana kamekaran basa Sunda ku jalan méré hiji aturan yén abstrak skripsi mahasiswa nu maké basa Sunda, kudu ngawengku sakabéh fakultas, lain ngan saukur mahasiswa FISIP.
- b. Pikeun mahasiswa, ieu panalungtikan méré gambaran pikeun nyingkahan kasalahan-kasalahan makéna basa nu disababkeun ayana interférensensi dina abstrak.
- c. Pikeun dosén ieu panalungtikan bisa méré arahan yén dosén salaku pangaping kudu bisa nuyun mahasiswa sangkan bisa nulis abstrak skripsi maké basa sunda kalawan basa nu bener tur merenah.
- d. Pikeun panalungtik, méré tatapakan kana panalungtikan saterusna.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga nulis dina ieu panalungtikan ngawengku lima bab, sakumaha anu diébréhkeun ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina medar kasang tukang, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori jeung Anggapan Dasar, eusina medar tiori anu dijadikeun tatapakan pikeun nganalisis pasualan anu ditalungtik dumasar kana

mangpirang sumber rujukan tina buku katut bahan bacaan séjénna. Sawangan anu dipedar ngawengku tiori ngeunaan interférénsi, unsur léksikal nu patali jeung rélasi semantis (homonimi, sinonimi, jeung antonimi), unsur morfologis patali jeung ngarajék, ngararangénan, ngawancah, jeung ngantétkeun sarta pedaran ngeunaan abstrak skripsi.

Bab III Méthode Panalungtikan, dina ieu bab dipedar ngeunaan nangtukeun data jeung sumber data, désain panalungtikan, méthode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, jeung téknik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina mangrupa déskripsi jeung analisis ngeunaan interférénsi léksikosemantis jeung morfologis dina abstrak skripsi. Dina ieu bab ogé dipedar ngeunaan tingkat interférénsi morfologis jeung léksikosemantis mahasiswa anu mangaruhan kana kamampuh nulis abstrak skripsina.

Bab V Kacindekan jeung Rékoméndasi, eusi tina ieu bab nya éta kacindekan tina hasil analisis data anu diguar dina bab IV jeung saran/rékoméndasi anu dianggap penting pikeun panalungtikan séjénna.